

# Nouvo Lwa Ekite Ekolaj nan Massachussets

MIRA



Nan dat 31 jiyè, lejislati Massachussets la te pase lejislasyon sou Ekite Edikasyon, apre 20 ane defans. Gouvènè a te siyen lejislasyon bidjè a nan dat 9 out 2023. Sa a se yon gwo viktwa pou kominote nou yo! Lwa sa a ta bay elèv imigran aksè ak yon edikasyon kolèj abòdab. Nouvo Lwa a p ap anvigè imedyatman, paske depatman edikasyon gouvènman eta a ap bezwen aplike li. Sa ka pran plizyè mwa. Gade anba a pou plis detay!

## Kisa lwa sou Ekite ekolaj la pral fè?

Nouvo lwa sou Ekite Ekolaj la pral bay prèske ak tout elèv ki san papyè legal ki gradye nan lekòl segondè nan Massachussets aksè nan pri lekòl nan eta a nan kolèj piblik ak inivèsite nan Massachussets. Li pral fè elèv sa yo tou elijib pou èd finansyè eta a bay pou ale nan yon Kolèj piblik oswa prive yon inivèsite oswa kolej nan Massachussets!

## Kiyès ki kalifye pou ekolaj nan eta a? Pou w kalifye, ou dwe:

- Te ale nan yon lekòl segondè nan Massachussets pou omwen 3 zan
- Te resevwa yon diplòm lekòl segondè oswa yon GED (Diplòm Edikasyon Jeneral) nan Massachussets
- Dwe admèt nan yon kolèj piblik oswa inivèsite nan Massachussets (pou ekolaj nan eta a)

## Kiyès ki kalifye pou èd finansyè leta? Pou w kalifye, ou dwe

- Te ale nan yon lekòl segondè nan Massachussets pou omwen 3 zan
- Te resevwa yon diplòm lekòl segondè oswa yon GED (Diplòm Edikasyon Jeneral) nan Massachussets
- Admèt swa nan yon kolèj piblik oswa inivèsite nan Massachussets, yon inivèsite oswa kolej prive nan Massachussets, ki pa gen pwofi

\*Remake byen ke moun ki vizite peyi Etazini sou viza tanporè ki pa imigran (tankou viza touris, viza elèv, echanj viza vizite, oswa viza travay tanporè) p ap elijib pou tarif ekolaj nan eta a oswa èd finansyè nan eta a. Eksklizyon sa a pap aplike pou moun isit la ki gen viza U- ak T- sa yo PRAL elijib pou tou de ekolaj nan eta a ak èd finansyè leta!

## Ki dokiman elèv yo pral bezwen pou pwouve yo elijib?

- W ap bezwen bay sèlman youn nan dokiman sa yo.
- Yon afidavi sou sèman ke wap aplike pou residans pemanan oubyen sitwayente si oubyen le ou vin elijib pou sa, nan 120 jou pandan ou elijib la, OSWA
- Yon Nimewo Sekirite Sosyal ki valab, OSWA
- Prè ke yo te ba w yon ITIN (li poko klè si sa a dwe aktyèl), OSWA
- Dokimantasyon ke ou te anrejistre nan sèvis selektif la (proje militè a), si ou elijib.\*\*

\*\*Ozetazini, elijiblite pou sèvis selektif aplike pou tout gason ki pa andikape oswa ki pa gen okenn lòt egzansyon, ki gen laj 18-25 ane

## Ki lè nou ka atann lalwa a ap aplike?

Nou pa ka di pou asire w. Plizyè etap ap nesèsè anvan li pral aplike:

- Depatman Edikasyon Siperyè (DHE) pral bay pwopoze règleman pou piblik la soumèt kòmantè
- DHE pral òganize yon odyans piblik pou moun ka exprime sipò yo, enkyetid, oswa rekòmantasyon pou amelyorasyon
- Lè sa a, DHE pral bay règleman final yo



Dènye mete ajou Out 2023

Pou plis enfòmasyon kontakte Jonathan Paz ([jpaz@miracoalition.org](mailto:jpaz@miracoalition.org)) oswa Amy Grunder ([agrunder@miracoalition.org](mailto:agrunder@miracoalition.org))